**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI KEGEYLI RAYONÍ HÁKIMINIŃ SH E SH I M I**

**QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI KEGEYLI TUMANI HOKIMINING Q A R O R I**

2024-yil 22-oktabr 256-13-184-Q/24 Kegeyli tumani hokimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2024-jıl 10-oktyabr kúngi 640-13-0-Q/24-sanlı qararı haqqında**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 26-avgustdegi “Puqaralıq jámiyeti institutların mámleket tárepinen qollap-quwatlaw sistemasın jáne de jetilistiriw is-ilajlar haqqında”ǵı PF-124-sanlı fármannıńorınlanıwın támiyinlew hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasınıń 93, 94-statyaları, “Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında”ǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Nızamınıń 5,-22-statyalarına tiykarlanıp, Kegeyli rayonı hákimi

**Sh E Sh I M E T E D I :**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2024-jıl 10-oktyabr kúngi “Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janındaǵı jámiyetshilik keńesin shólkemlestiriw haqqında”ǵı 640-13-0-Q/24-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Kegeyli rayonı hákimligi janındaǵı Jámiyetshilik keńesi (keyingi orınlarda-Jámiyetshilik keńes) quramı **1-qosımshaǵa muwapıq** tastıyıqlansın.

3. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń usı qararı menen:

- Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi janındaǵı jámiyetshilik keńesi (keyingi orınlarda-Jámiyetshilik keńes) shólkemlestirilgenligi hám onıń quramı 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

- Jámiyetshilik keńesi óz jumısın jámiyetlik tiykarda alıp barılatuǵın, turaqlı jumıs alıp barıwshı másláhát-keńes organı esaplanıwı;

- Jámiyetshilik keńesi Ministrler Keńesi janında shólkemlestiriledi hám onıń iskerligi Ministrler Keńesiniń quramındaǵı shólkemlerge tiysli kekengi;

- Jámiyetshilik keńesiniń tiykarǵı wazıypaları, wákillikleri hám jumısların shólkemlestiriw tártibin belgilewshi Jámiyetshilik keńesi haqqındaǵı nızam 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

- Qala hám rayonlar hákimlikleri, mámleketlik organlar baslıqları 3 kún múddette ózleri basshılıq etip atırǵan shólkemler janında nızamshılıqta belgilengen tártipte jámiyetshilik keńesleri jumısların shólkemlestiriw boyınsha tiyisli is-ilajlardı ámelge asırıw tapsırılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

4. Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew rayon hákiminiń Jaslar siyasatı, sociallıq rawajlandırıw hám ruwxıy-aǵartıwshılıq isleri boyınsha orınbasarı A.Tóremuratovqa júkletilsin.

**Kegeyli rayoni hákimi** **KAMALOV AYBEK.KUDABAYEVICH**

*Kegeyli tuman hokimining*
*2024-yil 22-oktyabrdagi*
*256-13-184-Q/24-son qaroriga*
*1-ilova*

**Kegeyli rayonı hákimligi janındaǵı jámiyetshilik keńesiniń**
**QURAMÍ**

| № | F.A.Á.a | | Jumıs ornı lawazımı |
|---|---|---|---|
| 1. | A.Tóremuratov | - | Kegeyli rayonı hákiminiń Jaslar siyasatı, sociallıq rawajlandırıw hám ruwxıy-aǵartıwshılıq isleri boyınsha orınbasarı, Jámiyetshilik keńesi baslıǵı |
| 2. | G.Xojambergenova | - | Kegeyli rayonı hákiminiń orınbasarı-Shańaraq hám hayal-qızlar bólimi baslıǵı, Jámiyetshilik keńesi baslıǵınıń orınbasarı |
| ***Keńesi aǵzaları*** | | | |
| 3. | M.Xoshanov | - | Ózbekstan máhálleler awqamı Kegeyli rayonlıq bólimi baslıǵı |
| 4. | T.Dawletov | - | "Nuranıy" qorı Kegeyli rayonlıq bólimshesi baslıǵı |
| 5. | B.Matekov | - | Respublika Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayı rayonlıq bólimi baslıǵı |
| 6. | N.Dawenova | - | Rayon hákimligi Málimleme xızmeti baslıǵı |
| 7. | S.Konıratbaev | - | Rayon hákimligi Shólkemlestiriw-kadrlar topar baslıǵı |

***Esletpe:*** *Keńesi quramı aǵzaları basqa jumısqa ótken táǵdirde, onıń quramına usı lawazımlarǵa jańadan tayınlanǵan shaxslar yaki wazıypasına tiyisli funkciyalardı atqarıwshı shaxslar kiritiledi.*